# 2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar

2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar kólemi ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 113,2 % ti quradı.




Jámi investiciyalar kóleminen, oraylastırılmaǵan qarjılandırıw derekleri esabınan qarjılandırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń úlesi, ótken jıldıń sáykes dáwirindegi úlesine salıstırǵanda 71,7 %, yaǵnıy 7237,1 mlrd. somdı hám ósim páti ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 118,4 % ti quradı.

Uyqas túrde, oraylastırılǵan qarjılandırıw derekleri esabınan qarjılandırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń úlesi, ótken jıldıń sáykes dáwirindegi úlesine salıstırǵanda 28,3 %, yaǵnıy 2862,7 mlrd. somdı hám ósim páti ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 101,9 % ti quradı.



**Oraylastırılǵan qarjılandırıw derekleri esabınan investiciyalar dúzilisi, % te**

**Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te**




**Oraylastırılmaǵan qarjılandırıw derekleri esabınan investiciyalar dúzilisi, % te**

**Ótken jılıdıń sáykes dáwirine salıstırǵanda % te**



*2022- jıldıń yanvar-dekabr aylarında kárxana hám mekemelerdiń óz qarjıları esabınan qarjılastırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar – 2833,2 mlrd. som yaǵnıy jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 28,1 % in quradı. Xalıqtıń qarjıları esabınan jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 11,9 % yaǵnıy 1204,1 mlrd. somı ózlestirildi.*

*Shet el investiciyaları hám kreditleri esabınan ózlestirilgen investiciyalar kólemi 3932,6 mlrd. somdı qurap hám ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 117,9 % ti qurap 38,9 % ti quradı.*

## *Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń qarjılandırıw derekleri*






Sonıń menen birge, Komerciyalıq bankler kreditleri hám basqa qarız derekleri esabınan 536,9 mlrd. som (jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 5,3 % in qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 1,5 % li punktke kemeydi), Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditleri 1269,7 mlrd. som (12,5 % hám 4,9 % li punktke kemeydi), Shet el investiciyaları 1612,4 mlrd. som (16,0 % hám 5,3 esege kóbeydi), Kepilliksiz shet el investiciya hám kreditler 1050,5 mlrd. som (10,4 % hám 38,0 % li punktke kemeydi), Tikleniw hám rawajlanıw fondı 169,5 mlrd. som (1,7 % hám 47,4 % li punktke kemeydi), Respublika byudjeti 1283,4 mlrd. som (12,7 % hám 16,4 % li punktke kóbeydi), Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw fondı 140,1 mlrd. som (ótken jildıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 2,8 esege kóbeydi) muǵdarında tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ózlestirildi.

*Tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ósim pátlerin qarjılandırıw derekleri boyınsha eń joqarı kórsetkish suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw esabınan gúzetilip, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 2,8 esege asqan.*

*Respublikanıń barlıq rayonlarında taza ishimlik suwı menen támiynlew sonıń menen birge gaz támiynatı boyınsha joybarlardıń orinlanıwı, hámde temir jol, jolawshı transportı hám júk tasıw transportın jánede jetilistiriw jumısları boyınsha joybarlar investicion aktivlik penen anıqlama beriw múmkin.*

*Sonıń menen birge, shet el investiciyaları hám kreditleri esabınan qarjılastırılǵan investiciyalar ótken jıldıń sáykes dáwirine qaraǵanda 133,1 % ti quradı.*

## Qarjılandırıw derekler boyınsha aymaqlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar

| | Jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar, mlrd. som | sonnan: qarjılandırıw derekleri boyınsha | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Respublika byudjeti | Kárxana hám mekemelerdiń óz qarjiları | Xalıqtıń qarjıları |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **10099,8** | **1283,4** | **2833,2** | **1204,1** |
| Nókis q. | 2202,1 | 300,6 | 1208,4 | 70,8 |
| rayonlar: | | | | |
| Ámiwdárya | 549,8 | 68,7 | 72,2 | 110,8 |
| Beruniy | 441,6 | 107,9 | 71,0 | 149,7 |
| Bozataw | 122,0 | 52,5 | 15,5 | 25,2 |
| Qaraózek | 1882,0 | 46,2 | 198,7 | 34,3 |
| Kegeyli | 174,4 | 50,4 | 45,9 | 28,6 |
| Qońırat | 1239,9 | 46,2 | 288,8 | 51,2 |
| Qanlıkól | 211,7 | 29,4 | 85,0 | 61,1 |
| Moynaq | 943,9 | 67,0 | 425,8 | 20,3 |
| Nókis | 222,9 | 45,9 | 46,5 | 97,8 |
| Taqıyatas | 318,9 | 58,5 | 80,4 | 33,2 |
| Taxtakópir | 92,3 | 19,9 | 12,5 | 35,8 |
| Tórtkúl | 532,3 | 61,4 | 111,2 | 199,8 |
| Xojeli | 332,7 | 116,2 | 53,5 | 53,2 |
| Shımbay | 278,1 | 60,6 | 65,7 | 88,5 |
| Shomanay | 129,3 | 40,2 | 14,9 | 41,5 |
| Ellikqala | 425,9 | 111,8 | 37,2 | 102,3 |

| | *sonnan: qarjılandırıw derekleri boyınsha* | | | |
|---|---|---|---|---|
| | ***Shet el investiciya hám kreditler*** | ***Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw fondı*** | ***Tikleniw hám rawajlanıw fondı*** | ***Bank kreditleri hám basqa qarız derekleri*** |
| ***Qaraqalpaqstan Respublikası*** | ***3932,6*** | ***140,1*** | ***169,5*** | ***536,9*** |
| *Nókis q.* | *481,3* | *31,1* | *-* | *109,9* |
| *rayonlar:* | | | | |
| *Ámiwdárya* | *112,8* | *7,4* | *144,7* | *33,2* |
| *Beruniy* | *76,6* | *2,2* | *-* | *34,2* |
| *Bozataw* | *4,5* | *5,6* | *-* | *18,7* |
| *Qaraózek* | *1586,5* | *10,2* | *-* | *6,1* |
| *Kegeyli* | *21,4* | *6,4* | *-* | *21,7* |
| *Qońırat* | *774,4* | *5,3* | *-* | *74,0* |
| *Qanlıkól* | *9,5* | *5,7* | *-* | *21,0* |
| *Moynaq* | *411,4* | *1,8* | *-* | *17,6* |
| *Nókis* | *11,0* | *2,4* | *-* | *19,3* |
| *Taqıyatas* | *100,2* | *2,7* | *22,9* | *21,0* |
| *Taxtakópir* | *3,9* | *10,6* | *-* | *9,6* |
| *Tórtkúl* | *103,8* | *16,4* | *-* | *39,7* |
| *Xojeli* | *59,1* | *3,5* | *-* | *47,2* |
| *Shımbay* | *34,3* | *7,9* | *1,3* | *19,8* |
| *Shomanay* | *18,0* | *6,9* | *-* | *7,8* |
| *Ellikqala* | *123,9* | *14,0* | *0,6* | *36,1* |

## *2022- jıl yanvar-dekabr aylarında aymaqlar boyınsha tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar*

| | *Ósim páti, % te* | *Investiciyalar kólemi, mlrd.som* | *Respublikadaǵı úlesi, % te* |
|---|---|---|---|
|  **Nókis qalası** | 119,1 | 2202,1 | 22,0 |
|  **Ámiwdárya rayonı** | 111,1 | 549,8 | 5,5 |
|  **Beruniy rayonı** | 94,2 | 441,6 | 4,4 |
|  **Bozataw rayonı** | 111,3 | 122,0 | 1,2 |
|  **Qaraózek rayonı** | 554,3 | 1882,0 | 18,8 |
|  **Kegeyli rayonı** | 113,6 | 174,4 | 1,7 |

| | | Ósim páti, % te | Investiciyalar kólemi, mlrd. som | Respublikadaǵı úlesi, % te |
|---|---|---|---|---|
|  | Qońırat rayonı | 105,2 | 1239,9 | 12,4 |
|  | Qanlıkól rayonı | 121,3 | 211,7 | 2,1 |
|  | Moynaq rayonı | 59,2 | 943,9 | 9,4 |
|  | Nókis rayonı | 111,3 | 222,9 | 2,2 |
|  | Taqıyatas rayonı | 92,7 | 218,9 | 3,2 |
|  | Taxtakópir rayonı | 94,5 | 92,3 | 0,9 |

| | | *Ósim páti, % te* | *Investiciyalar kólemi, mlrd. som* | *Respublikadaǵı úlesi, % te* |
|---|---|---|---|---|
|  | **Tórtkúl rayonı** | 62,4 | 532,3 | 5,3 |
|  | **Xojeli rayonı** | 126,9 | 332,7 | 3,3 |
|  | **Shımbay rayonı** | 121,7 | 278,1 | 2,8 |
|  | **Shomanay rayonı** | 128,8 | 129,3 | 1,3 |
|  | **Ellikqala rayonı** | 88,9 | 425,9 | 4,3 |

Aymaqlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ózlestiriliwi boyınsha ótken jildıń sáykes dáwirine eń joqarı ósim páti 554,3 % ke ósip, Qaraózek rayonında gúzetildi. Bul tiykarınan cement islep shıǵarıwdı keńeytiriwdiń 3-basqıshına ózlestirilgen investiciyalar menen baylanıslı.

Sonıń menen birge, Shomanay rayonında hám joqarı ósim pátı gúzetilip, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 128,8 % ti quradı. Bunday nátiyjeni rayon aymaqlarındaǵı socıyallıq taraw obyektleriniń qurılısına ózlestirilgen investiciyalar menen baylanıslı.

**2022- jıl yanvar-dekabr aylarında tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń ósim pátleri, % te**




***Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń texnologiyalıq dúzilisi, % te***

| 34,8 | 59,9 | 5,3 |
|---|---|---|
| Mashina, úskene, inventarlar | Qurılıs-montaj jumısları | Basqa qárejetler |

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń texnologıyalıq dúzilisinde qurılıs montaj jumısları boyınsha 6050,9 mlrd. som investiciyalar ózlestirilgen bolıp, jámi investiciyalardıń 59,9 % in quradı, mashina, úskene hám inventarlarǵa 3517,5 mlrd. som (jámi investiciyalardaǵı úlesi 34,8 %) hám basqa qárejetlerge 531,4 mlrd. som (5,3 %) ózlestirildi.

Aymaqlar kesiminde jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar kóleminde qurılıs-montaj jumıslarınıń úlesi boyınsha eń joqarı kórsetkish Qońırat rayonında gúzetildi – 87,4 % yaǵnıy 1083,3 mlrd. som hám bul rayonda basqa qárejetler boyınsha eń tómen dáreje – 3,0 % yaki 37,4 mlrd. somdı quradı.

Qurılıs-montaj jumıslarınıń úlesi boyınsha eń tomen dáreje Qaraózek rayonında gúzetilip, 33,3 % ti yaǵnıy 627,3 mlrd. somdı quradı.

***Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń tákirar islep shıǵarıw quramı***

**Jańa qurılıs-
33,7 %**

***Keńeytiw, rekonstrukciya, modernizaciyalaw-***
**45,0 %**

**Basqa jónelisler-
21,3 %**

*Ámeldegi esabat dáwirinde tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń úlken bólegi ekonomikada ámeldegi obiektlerdi keńeytiriw, rekonstrukciya qılıw, modernizaciyalaw hám texnikalıq qayta qurallandırıwǵa jóneltirilgen investiciyalar kólemi 4540,0 mlrd. somdı qurap, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 45,0 % in quradı.*

*Jańa qurılısqa jóneltirilgen investiciyalar kólemi 3406,8 mlrd. somdı qurap, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 33,7 % in quradı.*

*Basqa jónelislerge jóneltirilgen investiciyalar kólemi 2153,0 mlrd. somdı qurap, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 21,3 % in quradı.*

## *Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha dúzilisi*

### *jámige salıstırǵanda % te*



## Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen shet el investiciya hám kreditler

mlrd. som

| | Jámi | sonnan: | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Tuwrıdan-tuwrı hám basqa shet el investiciyalar | ÓzR kepilligindegi shet el kreditler | Kepilliksiz shet el investiciyalar hám kreditler |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **3932,6** | **1612,4** | **1269,7** | **1050,5** |
| Nókis q. | 481,3 | 116,2 | 307,2 | 57,9 |
| rayonlar: | | | | |
| Ámiwdárya | 112,8 | 38,5 | 68,9 | 5,4 |
| Beruniy | 76,6 | - | 42,2 | 34,4 |
| Bozataw | 4,5 | - | 2,3 | 2,2 |
| Qaraózek | 1 586,5 | 1 236,8 | 1,2 | 348,5 |
| Kegeyli | 21,4 | 15,7 | 1,0 | 4,7 |
| Qońırat | 774,4 | 168,2 | 604,7 | 1,5 |
| Qanlıkól | 9,5 | 1,0 | 0,3 | 8,2 |
| Moynaq | 411,4 | 18,4 | - | 393,0 |
| Nókis | 11,0 | - | 1,7 | 9,3 |
| Taqıyatas | 100,2 | - | 83,3 | 16,9 |
| Taxtakópir | 3,9 | - | 1,2 | 2,7 |
| Tórtkúl | 103,8 | 11,0 | 47,6 | 45,2 |
| Xojeli | 59,1 | - | 0,2 | 58,9 |
| Shımbay | 34,3 | 6,6 | 0,2 | 27,5 |
| Shomanay | 18,0 | - | 1,4 | 16,6 |
| Ellikqala | 123,9 | - | 106,3 | 17,6 |

Tiykarǵı kapitalǵa shet el investiciya hám kreditler esabınan ámeldegi esabat dáwirinde 3932,6 mlrd. som ózlestirilgen bolıp, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 38,9 % in quradı.

Shet el investiciyalar esabınan ózlestirilgen investiciyalar kólemi 1612,4 mlrd. somdı qurap, shet el kreditler esabınan bolsa 2320,2 mlrd. somı ózlestirildi.

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha shet el investiciyaları hám kreditleri jámige salıstırǵanda % te



**6,9 %**

***Awıl xojalıǵı***



**14,7 %**

***Taw-kán sanaatı***



**46,2 %**

***Qayta islew sanaatı***



**16,6 %**

***Tasıw hám saqlaw***



**8,3 %**

***Elektr, gaz benen támiyinlew***



**0,8 %**

***Xabar hám baylanıs***

**6,5 %**

***Basqalar***

***Investiciyalar hám qurılıs statistikası bólimi***

Baylanıs telefonı: ***(61) 224-92-14***
***222-75-91***